


# REPONN YON KONVOKASYON OATH

## ETAP 1

### Tcheke dat odyans ou an

Tcheke sitasyon ou an pou dat odyans ou an. Si ou pa gen yon kopi sitasyon ou, chèche nan [Rechèch Sitasyon](#) an oswa rele Divizyon Odyans lan nan (844) -628-4692.



### SUMMONS TO APPEAR FOR CIVIL PENALTIES ONLY

SUMMONS NUMBER: **0000 000 000**  
ENFORCEMENT AGENCY: **Police Department**

Respondent Last Name		First	M.I.
Phone No	<input type="checkbox"/> Cell <input type="checkbox"/> Home	D.O.B. MM/DD/YY	Sex <input type="checkbox"/> Male <input type="checkbox"/> Female
Mailing Address			
ID Number		ID Type	
Race <input type="checkbox"/> White <input type="checkbox"/> Black <input type="checkbox"/> Hisp. White <input type="checkbox"/> Hisp. Black <input type="checkbox"/> Am. Ind./Alaskan Native <input type="checkbox"/> Asian/Pacific. Is.			
Date of Occurrence MM / DD / YY		Time of Occurrence HH : MM <input type="checkbox"/> AM <input type="checkbox"/> PM	
Place of Occurrence ( <input type="checkbox"/> At <input type="checkbox"/> In Front Of <input type="checkbox"/> Opposite)			Precinct

**Include the summons number above on all communications**

**HEARING DATE:** MM / DD / YY **AT:** HH : MM  AM  PM

**You must respond by the above date.**  
**See the BACK OF THIS SUMMONS to learn about your options.**

**WARNING:** If you do not respond, you may be found automatically responsible and you may owe larger penalties. If you do not pay any imposed penalties, you may lose your ability to keep or get a City license, permit or registration. The City might also take further legal action against you. See the back for more information.

**Hearing Location:** Office of Administrative Trials and Hearings (OATH)  
Borough: \_\_\_\_\_ (See back for address) **(844) 628-4692**  
[www.nyc.gov/oath](http://www.nyc.gov/oath)

Pou chanje dat odyans ou an, ale nan [nyc.gov/oath/reschedule](http://nyc.gov/oath/reschedule).

## ETAP 2

### Deside kijan ou vle reponn: Admèt epi Peye, Geri oswa Rezoud, oswa Goumen Kont Sitasyon nan Odyans lan

Si ou vle admèt vyolasyon an epi ou peye amann nan, ale nan seksyon [Peman yo/ Sanksyon yo](#) sitwèb la.

**PEYE LA**

Pou kèk vyolasyon, ou ka anmezi pou regle vyolasyon an anvan odyans ou a oswa dakò sou yon antant ak ajans ki te ba ou li a. Si ou pa gen reprezantasyon, kontakte [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov) oswa (212) 436-0845.

### Enskri pou resevwa rapèl nan mesaj tèks sou dat odyans ou an




### PA JANM RATE YON ANÒNS ANKÒ!

Pou w ka resevwa rapèl nan mesaj tèks, voye "OATHReminder" bay (917) 451-8829

Aprè sa yo pral mande pou w antre nimewo sitasyon ou vle resevwa rapèl pou li a.

Ou ka peye pou mesaj ak data.



# REPONN YON KONVOKASYON OATH

## ETAP 3

### Prepare pou Odyans ou a

Revize sitasyon ou an, ki gen ladan chaj ak nòt ofisye ki bay li a te ekri. Prepare kopi prèv ou yo epi konvèti nan yon fòm dijital (dokiman ou eskane oswa oswa pran foto li) pou ou ka voyeli pa imèl bay Ofisye Odyans lan pandan yon odyans nan telefòn.

Si ou pa gen reprezantasyon, ou ka kontakte [Sant Èd OATH](#) pou yon konsiltasyon gratis youn a youn anvan odyans ou an, nan [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov) oswa (212) 436-0845.

- Pou asistans pou ti biznis: [Smallbizhelp@oath.nyc.gov](mailto:Smallbizhelp@oath.nyc.gov)
- Pou asistans pou veteran: [veteranshelp@oath.nyc.gov](mailto:veteranshelp@oath.nyc.gov)
- Pou èd pou moun aje: [seniorshelp@oath.nyc.gov](mailto:seniorshelp@oath.nyc.gov)



## ETAP 4

### Prezante nan Dat Odyans ou an Oswa Avan sa

Jeneralman Odyans OATH yo fèt nan telefòn oswa lè yo soumèt yon defans ekri anliy.

**Pou odyans nan telefòn**, rele nimewo telefòn nan imèl ou resevwa nan men OATH nan dat odyans ou an, kòmanse nenpòt lè nan lè odyans lan ki nan lis sitasyon ou an jiska 2:00 p.m.



Pou w ka fè odyans ou a nan telefòn, ou **dwe** mande nimewo telefòn ak PIN nan 3 jou ouvrab anvan dat odyans la. Ou ka soumèt demann ou a anliy nan [www.nyc.gov/oathphone](http://www.nyc.gov/oathphone).

Ou pral resevwa yon imèl anvan odyans ou an avèk nimewo telefòn ak PIN ou w pral itilize pou rele nan dat odyans ou an.

Si ou pa te resevwa PIN ou a jou anvan odyans ou a, tanpri tcheke dosye Spam / kourye endezirab imèl ou. Si ou toujou pa ka jwenn PIN ou, kontakte Sant Èd la nan (212) 436-0845 oswa imèl [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov).

**Pou odyans an pèsòn**, ou ka mande yon odyans an pèsòn nan yon biwo OATH anvan dat odyans lan pa imèl [LiveHearings@oath.nyc.gov](mailto:LiveHearings@oath.nyc.gov). Ou dwe voye demann pou odyans an pèsòn nan pa imèl bay OATH omwen 5 jou biznis anvan odyans lan pwograme a. W ap jwenn biwo adrès ak lè nou louvri [isit la](#).

**Pou repons ekri anliy oswa pa lapòs:** Selon vyolasyon ki nan lis sitasyon ou an, ou ka elijib pou soumèt repons ou an alekri anliy oswa pa lapòs. Sitwèb OATH la gen enfòmasyon kijan pou w [soumèt anliy](#) ak [soumèt pa lapòs](#).

**Atansyon:** Si ou pa reponn nan dat odyans ou oswa anvan, yo pral jwenn ou nan vyolasyon otomatik epi ou ka bezwen peye yon sanksyon ki pi wo. Si sa rive, ou ka elijib pou mande yon nouvo odyans. Seksyon [Odyans Rate](#) ki sou sitwèb la gen fòm ki nesèsè yo ak plis enfòmasyon sou kòman pou w mande yon nouvo odyans.

**Si ou pa peye yon desizyon odyans ki jwenn ou nan vyolasyon akizasyon an oswa yon penalite otomatik, Vil la ka pran aksyon legal kont ou, yo ka pran jijman kont ou nan tribinal, epi/oswa yo ka refize aplikasyon lisans Vil la.**